

3 Ca jamano joojalê Yoanna ñöw na, mi sôôb
nit ñi cim ndox. Mungi don waare ci allub
Yudê. ² Mu nê, Rêccu lêen, ndaxtê nguurug
Yalla, mi nek ci asamaan yi, jégê na. ³ Ndaxtê
moom milê, moo di ki ñu don wax jaaralê ko ci
yonent Èsayi, nê,

Baatub kuy yuuxu ca alla ba:
Xalla lêen yoonu Borom bi,
Jubal lêen ay ñellam.

⁴ Yoanna moomalê, mungi sol mbuba, bu ñu rabba
ak kawarug gilêm, ak laxasayug der ci ndiggam.
Dundam, ay njéreer lawon, ak lem.